***PEDAGOGIKA***

## JAS QOSÍQSHÍLARDÍ TÁRBIYALAWDA VOKAL TEXNIKASÍ HÁM DAWÍS GIGIENASÍNÍŃ ROLI

**Baltaniyazov Sarsenbay Aytmuratovich** – *professor*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

## РОЛЬ ВОКАЛЬНОЙ ТЕХНИКИ И ГИГИЕНЫ ГОЛОСА В ВОСПИТАНИИ МОЛОДЫХ ПЕВЦОВ

**Балтаниязов Сарсенбай Айтмуратович** – *профессор*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

## THE ROLE OF VOCAL TECHNOLOGY AND VOICE HYGIENE IN THE TRAINING OF YOUNG SINGERS

**Baltaniyazov Sarsenbay Aytmuratovich** – *Professor*
*Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*

**Tayanch so‘zlar:** vokal ta’limi, qo‘shiqchilik ovozi, ovozni qo‘yish, vokal texnika, vokal eshitish, artikulyatsiya apparati, nafas olish texnikasi, ovoz gigienasi, pedagogik usullar, musiqiy-estetik tarbiya.

**Rezyume.** Mazkur maqolada qo‘shiqni o‘rgatish jarayonining mazmuni va ahamiyati keng yoritilib, unda o‘quvchilarda nafaqat ovoz hosil qilishga oid nazariy bilimlar, balki vokal-texnik va badiiy-ijodiy ko‘nikmalarni shakllantirish masalalari tahlil qilingan. Shu bilan birga ovozni qo‘yish to‘g‘ri qo‘shiq aytish ko‘nikmalarini shakllantirish va ovozni rivojlantirish jarayoni sifatida izohlanib, uning asosiy belgilari sifatida jarangdorlik, tembr boyligi, diapazon kengligi va intonatsiya tozaligi ko‘rsatiladi; vokal o‘qitish usullari esa umumiy pedagogik tamoyillarga tayanib, nafas olish, rezonatorlardan foydalanish va artikulyatsiya apparatini rivojlantirish kabi jihatlarni qamrab olingan.

**Ключевые слова:** вокальное образование, певческий голос, постановка голоса, вокальная техника, вокальный слух, артикуляционный аппарат, техника дыхания, гигиена голоса, педагогические методы, музыкально-эстетическое воспитание.

**Резюме.** В данной статье широко освещаются содержание и значение процесса обучения пению, анализируются вопросы формирования у учащихся не только теоретических знаний о голосообразовании, но и вокально-технических и художественно-творческих навыков. В то же время постановка голоса интерпретируется как процесс формирования навыков правильного пения и развития голоса, основными признаками которого являются звонкость, богатство тембра, широта диапазона и чистота интонации; методы вокального обучения опираются на общепедагогические принципы и охватывают такие аспекты, как дыхание, использование резонаторов и развитие артикуляционного аппарата.

**Key words:** vocal education, singing voice, voice production, vocal technique, vocal hearing, articulatory apparatus, breathing technique, voice hygiene, pedagogical methods, musical-aesthetic education.

**Summary.** This article extensively covers the content and significance of the singing learning process, analyzing issues regarding the formation of not only theoretical knowledge about voice formation but also vocal-technical and artistic-creative skills in students. At the same time, voice formation is interpreted as a process of forming skills for correct singing and developing the voice, the main features of which are resonance, richness of timbre, breadth of range, and purity of intonation; vocal training methods are based on general pedagogical principles and encompass aspects such as breathing, resonator use, and the development of the articulatory apparatus.

**Kirisiw.** Házirgi dáwirde vokal pedagogikası óz aldına tek ǵana qosıq aytıwdı úyretiw emes, bálkim jas áwladtıń kórkem-estetikalıq, ruxıy hám intellektual rawajlanıwın támiyinleytuǵın pedagogikalıq baǵdar sıpatında qaralmaqta. Qosıqtı úyretiw procesi oqıwshınıń tek dawıstı rawajlandaraw mexanizmlerin meńgeriwi menen sheklenbey, onda vokal-texnikalıq hám kórkem-óner kónlikpeleriniń qáliplesiwine, sonday-aq muzıkalıq-estetikalıq talǵamınıń, atqarıw sheberliginiń hám aqılıy qábiletleriniń rawajlanıwına keń múmkinshilik jaratadı.

Vokal óneri — bul psixofiziologiyalıq process bolıp, onda esitiw, kóriw, nápes alıw, artikulyaciya hám bulshıq et sistemalarınıń birge islesiwi talap etiledi. Usı sebepli dawıstı qoyıw, vokal esitiwdi qáliplestiriw hám vokal kónlikpelerin rawajlandırıw máseleleri

zamanagóy pedagogikada tiykarǵı temalardan biri bolıp esaplanadı.

Ilimiy izertlewler kórsetkendey, qosıqshınıń dawısı tek muzıka aspabı ǵana emes, bálkim fiziologiyalıq nızamlarǵa boysınıwshı «tiri sistema» bolıp tabıladı. Sol sebepli onı rawajlandırıw processinde ilimiy-názáriy bilimler menen bir qatarda ámeliy kónlikpelerdi de qáliplestiriw talap etiledi. Usı maqalada qosıqtı úyretiw procesiniń tiykarǵı qırları — dawıstı qoyıw usılları, vokal esitiwdiń áhmiyeti hám vokal texnikasın qáliplestiriw máseleleri ilimiy-metodikalıq jaǵınan talıqlanadı.

**Usıllar.** Usı maqalada qosıq aytıw procesinde vokal pedagogikasınıń tiykarǵı principleri hám qollanılatuǵın oqıtıw usılları kompleksli qatnas tiykarında talqılandı. Izertlew dawamında tómendegi ilimiy-metodikalıq metodlardan paydalanıldı:

Táriyiplewshi (deskriptiv) metod - vokal procesiniń (dem alıw, rezonatorlardan paydalanıw, artikulyaciya, intonatsiya) teoriyalıq hám ámeliy ózgeshelikleri izbe-iz bayan yetildi hám analizlendi.

Salıstırmalı metod - túrli vokal mektepleri hám pedagogikalıq qatnaslar (klassikalıq, zamanagóy, individual bilimlendiriw sistemaları) óz ara salıstırıldı, olardıń uqsas hám ayırmashılıq tárepleri anıqlandı.

Tariyxiy jantasıw metodi - vokal kórkem óneriniń rawajlanıw basqıshları, dástúriy hám zamanagóy oqitiw usıllarınıń qáliplesiw procesi úyrenildi.

Kontekstlik analiz metodi - qosıq oqitiw procesi muzika-estetikalıq, psixologiyalıq hám fiziologiyalıq faktorlar menen baylanıslı halda analizlendi. Kompleksli (integrativ) qatnas - vokal texnikası, esitiw mádeniyatı, atqarıw sheberligi hám kórkem súwretlew bir pútin sistema sıpatında qaraldı.

**Nátiyjeler hám dodalaw.** Qosıqtı úyretiw procesinde oqıwshı tek ǵana dawıstıń payda bolıwı haqqındaǵı bilimlerdi iyelep qoymastan, onda vokal-texnikalıq hám kórkem-óner kónlikpeleri qáliplesedi, jetilisedi. Sonıń menen birge, dawısı, atqarıw kábileti, muzıkalıq-estetikalıq talǵamı, aqılıy qábileti — eslep qalıw, baqlawshılıq, pikirlew, qıyal, sóylew, ádep-ikramlılıq sezimleri, erk-ıqrarı rawajlanadı.

Dawıstı qoyıw — bul durıs qosıq aytıw kónlikpelerin tuwrı qáliplestiriw, yaǵnıy dawıstı rawajlandırıw hám úyretiw processidir. Qoyılǵan dawıs jańǵırıǵı, sulıwlıǵı, tembr boyawınıń baylıǵı, diapazonınıń kenligi, sózlerdiń anıq aytılıwı hám intonaciyanıń tazalıǵı menen ajıralıp turadı. Dawıstı qoyıw usılları (vokalda) hár túrli bolıwı múmkin, biraq olardıń barlıǵı oqıtıwdıń ulıwmalıq principleri hám basqıshlarına súyenedi. Bul — nápes alıwdı rawajlandırıw hám jetilistiriw, rezonatorlardan paydalanıw, poziciya (esnew), ses hújimleri haqqında túsinik hám kónlikpelerdi ózlestiriw, texnikalıq vokal usılların meńgeriw, artikulyaciya apparatı menen shınıǵıwlardı qamtıydı.

V.Morozov óziniń «Vokal esitiw hám dawıs» shıǵarmasında bılay dep jazadı: «Adamnıń dawısı — "tiri muzıka ásbabı". Ol skripka yamasa fortepianoǵa qaraǵanda bir neshe ese kuramalı bolıp, tek muzıka emes, bálkim fiziologiya nızamlarına da boysınadı. Onı "atqarıw" ushın eń keminde tiykarǵı texnikalıq qásiyetlerin biliw kerek». Vokal esitiw — qosıqshınıń dawıs payda etiw organları iskerligin esitiw sezimi tiykarında talqılaw qábileti. Bul qosıqshılıq sestiniń kemshilikleri hám artıqshılıqların ańlawǵa járdem beredi (awır-jeńil, tamaqlıq-kókireklik, tereń-jaqın, qarańǵı-jarıq h.b.). 1905-jılı biofizik P.P. Lazarev jaqtılıqta sesler qarańǵıǵa qaraǵanda kúshlirek esitiliwin dálillegen. Bul esitiw hám kóriw arasındaǵı baylanıs bar ekenligin kórsetedi. Sonday-aq, N.A. Rimskiy-Korsakov hám A.N. Skryabinniń muzıkanı «reńli qabıllawı» da belgili. Bunda kóriw tásirleri esitiw tásirlerine emocional reńk beredi.

Vokal esitiw tek ǵana esitiw emes, bálkim «ishki kóriw» — dawıs payda etiwshi organlardıń iskerligin kóz aldına keltiriw qábileti bolıp esaplanadı. Bul processte dıkqat, óz sezimlerin tıńlaw hám «ishki kóz» menen kóriw úlken áhmiyetke iye. Aynanıń járdeminde óz denesin baqılaw da paydalı.

Francuz alımı R.Yusson vokal esitiw organizmniń túrli sistemaları (esitiw, bulshıq et sezimi, vibraciya, kóriw h.b.) birleste islesiwi nátijesi ekenligin eksperiment júzinde dálillegen.

Qosıqshı óz dawısın átiraptaǵılarday esitpeydi, sebebi ses tek sırttan emes, ishten de qabıl etiladi. Sol sebepli óz dawısınıń tembrini basqalardan basqasha sezedi. Bul jaǵdayda vokal pedagogınıń roli — «sırtqı kulak» vazifasın atqarıw. Pedagogtıń dɥrıs kórsetiwi dawıs funkciyasına oń tásir etip, onı kerekli baǵdarda rawajlandıradı.

Kórsetiw usılı oqıwshılardı vokalga úyretiwde júdá áhmiyetli. Ol olardıń tákirarlaw qábiletin rawajlandırıp, tábiyiy jol menen úyretiwge múmkinshilik beredi.

Sesti kórsetiw emocional hám estetikalıq tásirge iye. Nátiyjede oqıwshılarda qosıq aytıwǵa qızıǵıw, keypiyat hám tákirarlaw istegi payda boladı. Biraq pedagogtıń janlawı úlgi bolıwı sebepli, ol taza, kemshiliksiz hám oqıwshılar dawısına jaqın bolıwı kerek.

Arnawlı vokal usıllarınan biri — M.I.Glinkanıń «koncentrik» metodı. Bul metod boyınsha oqıtıw dawıs diapazonınıń ortasınan baslanıp, áste-akırın keńeytiledi. Bul usıl individual qatınasqa tiykarlanadı hám zamanagóy vokal pedagogikasınıń negizlerinen biri bolıp tabıladı. Qosıqshı vokal texnikasın meńgermey turup, haqiqıy vokalist bola almaydı. Sonıń ushın vokal oqıtıwdıń tiykarǵı wazıypası — dawıstı dұrıs qoyıw hám onı tárbiyalaw.

**Xulosa.** Qosıqtı úyretiw procesi oqıwshınıń tek ǵana dawıs shıǵarıw hám vokal texnikası menen sheklenbey, onıń muzıkalıq-estetikalıq, kórkem-óner hám psixofiziologiyalıq qábiletleriniń kompleksli rawajlanıwına alıp keledi. Bul process nátiyjesinde oqıwshıda dawıs apparatınıń durıs islewi menen bir qatarda atqarıw sheberligi, muzıkalıq eslep qalıw, baqlawshılıq, pikirlew hám qıyal sıyaqlı aqılıy qábiletler de qáliplesedi. Atap kórsetkenindey, dawıstı jolǵa qoyıw, vokal pedagogikasınıń eń áhmiyetli tiykarı bolıp, ol nápes, rezonatorlar, artikulyaciya hám intonaciya sıyaqlı elementlerdi óz ishine qamtıydı. Qoyılǵan dawıs óziniń tembr baylıǵı, diapazon keńligi hám sestiń anıqlıǵı menen ajıralıp turadı.

Vokal esitiwdiń rawajlanıwı oqıwshınıń óz dawısın ańlaw, tiykarǵı kemshiliklerdi tabıw hám olardı dúzetiw qábilietin qáliplestiriw. Bul process «ishki kóriw», dıqqat hám óz-ózin baqlaw menen tıǵız baylanıslı ekenligi dálillenedi. Oqıtıwshınıń roli bul processte ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, ol «sırtqı esitiw» funkciyasın atqarıp, oqıwshınıń dawısın durıs baǵdarda rawajlandırıwǵa járdem beredi. Kórsetiw hám imitaciya usılları oqıtıwdıń eń nátiyjeli jollarınıń biri esaplanadı, sebebi olar oqıwshıda este saqlaw, qaytalaw hám tábiyiy ózlestiriwdi kúsheytedi.Sonıń menen birge, M.I.Glinkanıń «koncentrik» metodı sıyaqlı zamanagóy vokal usılları oqıtıwdı individual hám sistemalı túrde alıp barıwǵa múmkinshilik jaratadı.

Ulıwma alǵanda, vokal oqıwdıń tiykarǵı maqseti - tek ǵana texnikalıq dawıstı qoyiw emes, al hár tárepleme rawajlanǵan muzikalıq-dóretiwshi shaxstı tárbiyalawdan ibarat.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Маҳмудов О. Вокал санъати асослари, Ўзбекистон, 2010, Фан, 180 бет.
2. Назаренко И. Искусство пения-Санкт-Петербург: Лань,2003.-256 бет.
3. Шаляпин Ф. Маска и душа — Москва: Искусство, 1990. - 192 бет.
4. Тошматова З. — Овозни тарбиялаш усуллари, Ўзбекистон, 2019, Фан ва технология, 150 бет.
5. Эргашев Ш. — Вокал ижрочилигида нафас техникаси, Ўзбекистон, 2018, Фан, 140 бет.
6. Плужникова Н. Вокал санъати ва нафас техникаси — Тошкент: Фан, 2010. - 150 бет.